



Avi sou Opòtinite pou w fè Kòmantè sou Règ nou Pwopoze yo

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (Depatman Sante) ap pwopoze yon seri règ pou aplike Lwa lokal 18 ane 2021 an, ki kreye yon nouvo kalite lisans pou moun k ap vann manje nan machin, yo rele yon lisans sipèvizyon, ak yon nouvo kalite pèmi ki asosye ak lisans sipèvizyon an. Anplis de sa, Depatman Sante pwopoze pou l fè mizajou nan règ lis datant pou moun ki bezwen jwenn pèmi tanporè pou yo ka vann manje nan machin yo.

Nou envite w fè kòmantè sou règ nou pwopoze yo. Nou dwe resevwa kòmantè ekri yo anvan 5è p.m. nan dat **30 jen 2022**. N ap fè yon reyinyon piblik sou entènèt atravè WebEx nan dat **30 jen 2022** a **10è nan maten jiska midi** pou nou tande kòmantè ki fèt sou règ yo.

Pou w wè pwopozisyon an epi chèche konnen kijan pou w fè kòmantè oswa antre nan reyinyon WebEx sou entènèt la, ale sou nyc.gov/health/orders epi gade seksyon ki gen tit "**Notices of Intention, 2022**" (**Avi Entansyon, 2022 a.**). Pou w li avi sa a nan lòt lang, ale sou nyc.gov/health/mobilefood.